



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN KONPLÈ POU REGLE SERI PWOBLÈM SWEN SANTE MANTAL ETA NEW YORK LA

*Plan ki pote transfòmasyon an ap ogmante kapasite pou tretman psikyatrik entèn a 1,000 kabann epi ajoute 3,500 inite lojman pou sèvi moun ki gen maladi mantal yo*

**Gouvènè a egzije responsablite sistemik nan admisyon ak egzeyat sante mantal yo; ogmantasyon konsiderab sèvis ekstèn yo ak kouvèti asirans**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2023, yon plan konplè pou remanye seri swen sante mantal New York la epi diminye kantite moun ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè nan fason konsiderab nan tout eta a. Plan sou plizyè ane a genyen ladan I ogmantasyon kapasite operasyonèl la a 1,000 kabann pou tretman psikyatrik nan lopital, kreye 3,500 inite lojman pou desèvi Nouyòkè ki gen maladi mantal yo, ogmante kouvèti asirans pou sèvis sante mantal, ogmante sèvis ekstèn yo nan fason konsiderab, epi kreye responsablite sistemik pou entèn epi egzeyate nan lopital pou reponn pi byen ak bezwen moun ki soufri maladi mantal yo. Pwopozisyon sa yo ap reflete plis pase 1 milya dola envestisman nan sante mantal toutotan tan ap pase.

"Nan sa ki gen pou wè ak pou pwoteksyon byennèt Nouyòkè yo, ranfòse sistèm swen sante mantal la esansyèl, epi te dwe fèt depi lontan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pa t envesti ase nan swen sante mantal pandan tèlman lontan, epi nou te pèmèt sitiayson sa vin tèlman atwòs, ke li vin tounen yon kriz sekirite publik tou. Pwopozisyon sa make yon chanjman enòm pou asire ke okenn moun pa tonbe nan filè a epi pou finalman reponn ak bezwen sante mantal tout Nouyokè konplètman."

Gouvènè Hochul ap realiyen apwoch eta a anvè sante mantal ak yon pake envestisman ak chanjman politik konplè ki vize transfòme tout pati nan seri swen sante mantal yo - soti nan prevansyon rive nan tretman a rekiperasyon. Sa enkli:

- Ogmante kapasite operasyonèl pou tretman psikyatrik nan lopital a 1,000 kabann:** Pandan ijans sante publik COVID-19, Eta a te otorize lopital yo pran desizyon operasyonèl ki te lakoz yo retire kabann pou psikyatri yo, menm lè sètifica operasyon pou kabann yo te rete anplas. Plan Gouvènè Hochul la ap

mande lopital kominotè Atik 28 yo pou rann operasyonèl 850 kabann lopital psikyatrik ki pa an fonksyon yo. Nouvo lejislasyon an ap pèmèt Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) eta a pou bay lopital kominotè yo amand Atik 28 la jiska 2,000 dola pou chak vyolasyon pa jou si yo pa respekte kantite kabann lopital psikyatrik ki nan sètifikasi operasyon yo. Eta a ap ouvri tou 150 nouveau kabann pou gramoun nan lopital psikyatrik eta a dirije yo, ki enkli 100 nan Vil New York pou kont li, k ap ajoute sou 50 kabann ke Gouvènè a te anonse mwa novanm pase a.

- **Kreye 3,500 nouveau inite lojman pou moun ki gen maladi mantal yo:** Gouvènè Hochul ap fè yon envestisman kapital an mas epi bay finansman operasyon ki nesesè pou 3,500 nouveau inite rezidansyèl k ap sèvi Nouyòkè ki gen maladi mantal yo. Plan an prevwa espesyalman:
  - 500 inite rezidans kominotè yon chanm pou bay lojman ak sèvis entansif pou moun ki gen maladi mantal grav ak moun ki sanzabri ki gen pi gwo risk yo.
    - 900 inite retrèt tranzisyon pou ede moun k ap fè tranzisyon soti nan divès nivo swen pou pase nan vi kominotè yo.
    - 600 inite apatman otorize pou sèvi moun ki bezwen yon nivo sèvis entèmedyè yo pou yo kapab viv nan kominote.
    - 1,500 inite lojman ki bay sipò pou sèvi moun ki gen maladi mantal grav, ki repati ant inite pou lwe sou sit ki separe ki ka ouvè rapidman ak nouveau konstriksyon oswa etabllisman ki renove k ap fini nan senk pwochen lane yo.

### **Amelyore planifikasyon pou admisyon ak egzeyat epi tabli responsabilite ki sistematize**

- Gouvènè Hochul ap pwopoze yon kombinezon chanjman politik ak envestisman pou kreye responsabilite ki sistematize pou admisyon ak egzeyat, ki enkli egzijans pou lopital yo antre pasyan ki gen bezwen swen yo nan fason ki responsab, ak nouveau règ ki konplè pou evalyasyon ak ogmantasyon sipèvizon nan nivo eta a pou asire ke yo itilize nouveau pwotokòl yo nan fason ki efikas; depatman ijans ak founisè nan lopital yo egzeyate moun ki gen gwo risk, ki gen gwo bezwen yo nan sèvis global ki disponib yo imedyatman; epi pou pwogram ekstèn yo bay randevou touswit ak randevou kontini pou moun ki gen gwo risk yo pandan pwosesis egzeyat la. Plan an mande kreyasyon 50 nouveau ekip Entèvansyon nan Moman Kritik tou pou bay sèvis jeneral pou pasyan ki egzeyate yo - soti nan lojman rive nan sipò pou travay.
- **Devlope sèvis ekstèn yo nan fason konsiderab:** Plan Gouvènè Hochul la ap devlope divès sèvis ekstèn anpil pou ogmante aksè nan swen sante mantal, diminye tan pou tann yo, epi asire gen nivo swen ki apwopriye yo. Plan an ap ajoute espesyalman:

- 12 pwogram ijans psikyatri, k ap bay swen pou kriz nan lopital atravè Eta New York.
- 42 ekip Tretman Kominotè Detèmine, pou bay sèvis mobil, wot entansite a Nouyòkè ki pi arisk yo, ak 22 nouvo ekip nan Vil New York ak 20 nan rès eta a.
- 26 Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye pou bay swen sante konpòtmantal entegre imedya, san randevou, k ap bay alafwa sèvis sante mantal ak sèvis pou toksikomani pou Nouyòkè tout laj ak estati asirans, k ap konplete pa yon gwoupman swen pou endijan pou asire gen aksè kèlkeswa kapasite yon moun pou peye. Sa ap triple kantite Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè ki Sètifye nan Eta New York yo, soti 13 pou pase a 39, k ap sèvi apeprè 200,000 Nouyòkè.
- Uit ekip Asistans pou Opsyon ki Sekirize pou fè sensibilizasyon ak koneksyon ak sèvis pou popilasyon ki sanzabri ki gen maladi mantal ak twoub toksikomani yo, ak senk nouvo ekip nan Vil New York ak twa nan rès eta a. Sa ap apiye ekip Asistans pou Opsyon ki Sekirize ke Gouvènè Hochul te entwodui nan Diskou sou Sitiyasyon Eta ane pase a, k ap fonksyone aktyèlman nan Vil New York.
- 20 klinik sante mantal ki gen kapasite ki elaji dapre Atik 31 an k ap bay swen a Nouyòkè ki pi vilnerab yo, ki souvan sèvi kòm pòt antre nan sèvis sante mantal nan kominote atravè eta yo
- Jesyon dosye Health Home Plus pou bay asistans lè moun ki gen maladi mantal yo ap chèche jwenn aksè nan sèvis yo bezwen yo, k ap anboche plizyè douzèn nouvo jesyonè ka pou sèvi moun ki gen maladi mantal ki grav yo.
- **Elaji kouvèti asirans pou sèvis sante mantal yo:** Plan an ap konble lakin ki enpòtan nan kouvèti asirans pou sèvis sante mantal yo. Sa enkli entèdi konpayi asirans yo refize aksè nan sèvis sante mantal grav ak sèvis pou kriz ki nesesè sou plan medikal, ki esansyèl pou alafwa adilt ak timoun, k ap elaji kouvèti komèsyal ak Medicaid pou sèvis sante mantal yo pou amelyore byennèt ak siksè moun yo depi yo kite lopital oswa depatman ijans yo. Plan an ap fikse disponiblite randevou tou ak règ aksè jeografik pou sèvis sante konpòtmantal yo pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan tretman founisè ki nan rezo yo, epi asire gen aksè nan sèvis sante konpòtmantal ke yo bay li an pèsòn oswa pa tele-konsiltasyon.

### **Devlope sèvis sante mantal pou timoun ki gen laj pou lekòl**

- Gouvènè Hochul pwopoze pou devlope aksè nan sèvis sante mantal nan lekòl yo, lè li ogmante pouvantaj pèman Medicaid pou klinik satelit ki baze nan lekòl ak sèvis jeneral ki baze nan lekòl, pou motive developman swen enpòtan sa pi plis. Anplis, Gouvènè a ap entwodui lejislasyon ki egzije founisè asirans komèsyal yo peye pou sèvis ki baze nan lekòl yo nan yon nivo ki egal ak pouvantaj pèman Medicaid ki pi wo a, pou asire gen aksè ki awopriye pou tout timoun. Plan an mete aksan tou sou yon envestisman chak ane pou bay finansman pou lansman

antrepriz pou mete nouvo sèvis ak sèvis ki devlope nan operasyon nan lekòl yo rapidman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418